

# Lake Worth Middle FY24 Reyinyon Anyèl Tit I

Yon prezantasyon an Kolaborasyo

avèk Pwogram Depatman Federal ak Leta ak Lekòl  
Title I yo

7 Septanm 2023

5:30 P.M.



# Objektif Reyinyon an



- Lwa pou Chak Elèv Reyisi a (Yon lwa federal) mande lekòl Tit I yo pou fè yon Reyinyon Anyèl pou eksplike epi diskite pwogram Tit I lekòl yo, dwa paran, ak lòt obligasyon lekòl yo.



- Yo ankouraje fanmi yo pou poze kesyon epi bay sijesyon pou amelyore pwogram Tit I lekòl yo.

# Kisa Tit I an ye?

Tit I an fè pati yon lwa federal ki bay lekòl li seleksyone yo lajan pou:

- ede satisfè bezwen ak objektif edikatif elèv,
- ofri estaf yo fòmasyon pwofesyonèl, epi
- Sipòte asosyasyon ant lekòl ak paran.



# Kijan yon lekòl kapab vin Tit I?



- Kondisyon Elijiblite pou Ane Akademik 2023-2024
  - Distri a analize done sou revni yo (Repas gratis ak pri redui (FRPL), Sètifikasyon Dirèk (Direct Certification))
  - Distri a fikse kondisyon kalifikasyon yo dapre lwa federal ak lwa Eta a:
    - 70% pou primè, mwayen ak lekòl yo konbine
    - 67% pou lekòl segondè

# Sa sa vle Di pou Lekòl nou yo?

- Plis fon pou sipòte elèv, pwofesè ak fanmi!
  - Fon sa yo depase lontan sa Distri a ofri.
  - Fon yo konsantre sou ansèyman elèv, devlopman pwofesyonèl pou pwofesè nou yo, ak aktivite pou ranfòse asosyasyon nou ak fanmi yo.




# Kisa sa vle Di pou Lekòl nou yo?

- Dwa pou Paran ak Fanmi yo enfòmè ak patisipe nan
  - Reyinyon Anyèl Tit I
  - Komite pou pran Desizyon (Reyinyon pou Pati Enterese yo fè kòmantè)
  - Dwa pou paran patisipe
  - Plan Angajman pou Paran ak Fanmi\*
  - Kontra ant Lekòl - Paran\*
  - Avi sou Dwa pou paran Konnen (*Right-to-Know*)\*
  - Sondaj



# Pwogram Tit I nan Tout Lekòl la

- Tout elèv benefisyè
- Tout pwofesè benefisyè
- Tout fanmi benefisyè



# Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

## Rezime SWP

- lekòl la Evalyasyon Bezwen konplè
- Aktivite pou Sipòte Bezwen yo (Etap Aksyon)
- Plan Angajman Paran ak Fanmi (PFEP)
- Konpozan naratif





## Evalyasyon Bezwen konplè

### Evalyasyon Bezwen konplè

Prentan FY23, moun ki gen enterè yo te revize done yo

Bay opinyon nan:

- Idantifye Bezwen yo baze sou done PM1 ak PM2
- Idantifye kòz rasin yo
- Bay solisyon posib
- Fason pou ranfòse angajman paran yo nan ELA, Matematik, Syans Sosyal, ak Syans

### Aktivite pou Sipòte Bezwen yo

Devlopman pwofesyonèl pou pwofesè yo:

1. dezagregasyon done sou evalyasyon lokal ak eta
2. kreye leson kritik ak estrateji ansèyman pou adrese feblès elèv yo sou estanda yo evalye. Antrenè sou plas nan men SSCC ak pèsonèl sipò distri



## Title I Konsantre/Devlopman Pwofesyonèl

### Antrenè Syans

Bay sipò ansèyman pou pwofesè Syans yo nan modèl leson, ko-ansèyman planifikasyon leson, bay pwofesè PD nan klas 6yèm-8yèm ane.

### Pwofesè Lekti

Bay elèv ki nan klas 6yèm-8yèm ane ansèyman lekti entansif

### Twa Fasilitatè Lang Kominotè

Bay sipò lang pou elèv ak paran ELL ki pale Panyòl ak Kreyòl pou tout nivo klas yo.

### De Pwofesè Resous

Bay ti gwoup ratrapaj diferansye ak enstriksyon atravè yon modèl push-in/pull-out pou sipòte elèv yo vize nan klas 6yèm-8yèm ane yo rive nan konpetans nivo klas yo nan Matematik ak Lekti.



## Title I Konsantre/Devlopman Pwofesyonèl

### Twa lyezon paran

Konble kominikasyon ant lekòl la ak lakay ou nan ede paran yo jwenn enfòmasyon, èd ak sipò yo bezwen pou asire siksès akademik ak sosyal pitit yo nan lekòl la.

### Twa Kowòdonatè Kilti Lekòl Selibatè

Siveye ak sipòte desizyon ki baze sou done nan Matematik, ELA ak Lekti, aplike antrenè akademik, epi dirije reyinyon Planifikasyon Komen.

### Fasilitatè Ekip Aprantisaj

Sipòte pwofesè yo ak anplwaye ansèyman yo sou dezagregasyon done chak mwa nan Reyinyon Ekip Aprantisaj, bay fòmasyon devlopman pwofesyonèl. sipòte nouvo pwofesè yo nan LWMS lè yo plonje pi fon nan planifikasyon leson yo, bay antrenè, ak fè demach enfòmèl pou asire aliyman ak Plan ansèyman an.



## Tutorial

Leson patikilye ELA, Matematik, Syans Sosyal, Syans ak Sètifikasyon endistri anvan/apre ak pandan lekòl pou klas 6yèm-8yèm ane.

Oktòb 2023 - Me 2024

- Yo ofri sèvis lesan patikilye pou elèv ki pa satisfè konpetans yo.
- Domèn kontni yo enkli lekti, ekriti, syans, ak matematik.
- Apre yo fin evalye bezwen elèv yo, yo kreye yon orè pou sèvis lesan patikilye Tit I.

**Retablisman kou nan lekòl presegondè** pou elèv ki gen risk pou fè kredi atravè pwogram Edgenuity

## Teknoloji

Reyalize pwogram teknoloji 3000 adaptasyon ki espesyalman adapte pou satisfè bezwen elèv ELL yo epi bay echafodaj, estrateji ESOL, ak ansèyman nan plizyè lang.

Kami - transfere dokiman nan zouti entèaktif pou enstriksyon

Quill - sipòte devlopman ladrès ekriti ak gramè\

Flokabulary - Echafodaj ELL nan diferan matyè Nearpod - teknoloji adaptasyon ki amelyore dispozisyon ansèyman epi ki ofri echafodaj ELL, edikasyon karaktè, ak lesan ladrès lavi.



# Angajman Fanmi ak Paran

Rechèch montre lè paran ak manm fanmi angaje nan edikasyon, li pi fasil pou elèv yo:

- fè pi bon nòt
- bay pi bon rannman nan tès
- prezan lekòl
- adapte ak chanjman
- gen pi bon aptitud sosyal
- pase pou lòt klas
- gradye
- kontinye edikasyon yo apre lekòl segondè



# Plan Angajman Paran & Fanmi

- Abreje PFEP
- Dekri kòman nou enplike fanmi nan edikasyon elèv
- Redije avèk kontribisyon fanmi ak estaf pandan reyinyon pou jwenn opinyon moun ki enterese yo
- Pataje lè gen reyinyon SAC pou revize si sa nesèsè
- Yo voye rezime PFEP lakay pou tout fanmi



# Plan Angajman Paran & Fanmi

Deklarasyon misyon angajman paran nou an

- Prepare elèv yo ak zouti ki nesesè pou yo reyisi nan lekòl segondè
- Enplike paran yo, fanmi yo ak kominote a pou ogmante siksè elèv yo
- Kolaborasyon ak pwofesè yo ak fanmi yo
- Sipòte paran yo pou yo ede elèv yo lakay yo Sipòte fanmi yo atravè kominikasyon



# Seminè Fòmasyon pou Paran



## Tranzisyon nan lekòl mwayen

Septanm 2023

Paran yo pral kominike avèk pwofesè debaz yo; aprann kijan pou kontwole pwogrè elèv yo, kijan pou ede pitit yo tranzisyon nan lekòl presegondè avèk siksè nan kontwole prezans, nòt, ak devwa yo. Paran yo pral jwenn konsepsyon ak ladrès pou yo voye yon imèl bay pwofesè endividyèl yo atravè SIS sou devwa ak nòt yo.

## Kanè SIS Gateway & Interpreting Middle School

Novanm 2023

Paran yo pral navige nan pwogram SIS Gateway ki bay paran/gadyen aksè alè a enfòmasyon elèv yo ki gen ladan orè klas yo, klas ki sot pase yo ak klas aktyèl yo, istwa disiplin, ak istwa prezans yo.

## Swit STEAM

Avril 2024

Pou ankouraje syans, teknoloji, jeni, boza ak matematik nan Lake Worth Community Middle School pou elèv ak paran nou yo. Paran yo pral vire nan mitan 20 estasyon fòmasyon pratik entèaktif kote yo pral aprann kijan syans, teknoloji, jeni, ak konsèp matematik yo aplike atravè yon seri eksperyans. Cox Science Center ak Aquarium





## Kontra Lekòl-Paran

- Chak lekòl Tit I dwe genyen yon Kontra Lekòl-Paran
- Ekri pa paran, manm fanmi yo ak pèsonèl lekòl la.
- Responsablite elèv yo, paran yo, manm fanmi yo, ak anplwaye lekòl yo nan efò pou ogmante siksè elèv yo.



# Kontra ant Paran ak Lekòl la

Kontra Lekòl-Paran an dekri relasyon pozitif ant pwofesè Lake Worth Middle School, anplwaye, fanmi yo ak patisipasyon kominote a pou amelyore siksè akademik elèv yo.

Responsablite pataje a pèmèt elèv yo:


1. ogmante nòt nan egzamen lokal yo ak eta a,
2. enskri nan klas akademik ki pi difisil,
3. amelyore prezans yo epi ede etabli yon anviwònman aprantisaj efikas ki ankouraje aprantisaj elèv yo ak reyisit akademik estanda eta a.



# Dwa Paran pou Konnen

Fanmi yo gen dwa pou poze kesyon:

- Sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit yo;  
ak
- si yon moun ki pa pwofesè ap anseye pitit yo, nan ka sa a,  
kalifikasyon pwofesyonèl li.



# Dwa Paran pou Konnen

Yo dwe enfòmè fanmi yo:

- si yon pwofesè gen kat semèn oswa plis l ap anseye pitit yo san li pa satisfè kondisyon pou l anseye nivo klas oswa matyè l ap anseye a; ak
- kòman pitit yo degaje yo nan egzamen leta tankou FSA, EOCs, ak SSA.



# Pwogram Edikasyon Migran (MEP)

Bi Pwogram Edikasyon Migran an se pou ede tout elèv migran yo rive leve tout defi yo ka rankontre nan aktivite akademik yo, yon fason pou yo kapab gradye avek yon diplòm segondè (oswa pase pwogram GED) kap ede yo gen bon jan edikasyon kap prepare yo vin yon sitwayen responsab, gide yo nan sa yo pral aprann, ak rive fè siksè nan travay yo.



# Pwogram Edikasyon Migran



Asire bezwen elèv migran yo satisfè e pou ede yo simonte:

- entèripsyon nan lekòl
- baryè kiltirèl ak lang
- izole tèt ou yon kote apa
- Manke resous sante
- tranzisyon pou kolèj osinon al travay apre lekòl segondè

Pou amelyore opòtinite edikasyonèl elèv migran yo nan ede yo:

- Sèvis akademik/sosyal siplemantè pou elèv yo ak fanmi yo
- Tranzisyon nan nouvo lekòl (yo)
- satisfè kontni akademik eta/distri ki difisil yo
- gradye nan lekòl segondè

# Premye etap se jwenn tout elèv migran yo

- Entèvyou yo fèt an pèsòn pa yon Rekritè MEP ki resevwa fòmasyon pou itilize kondisyon kalifikasyon Federal ak Eta
- Enfòmasyon pou Kontakte Pwogram nan:  
Jorge Echegaray  
Manadjè, Migrant Education Program  
Depatman Edikasyon Miltikiltirèl  
[Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org](mailto:Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org)  
(561) 202-0356



# Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri Tout Elèv Genyen Dwa pou Jwenn Edikasyon

Ekip *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)* kapab ede fanmi k ap viv:

- nan yonabri, motèl, machin, oswa sou teren kanpman;
- nan la ri;
- nan kay abandone oswa kay ki delabre;
- nan motèl/otèl; oswa
- abite tanporèman ak fanmi oswa zanmi akoz yon difikilte





# Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

Tout lekòl genyen yon Moun ki se Kontak *McKinney -Vento* & Jesyonè Ka nan *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)*, k ap travay avèk fanmi pou:

- bay lekòl founiti klasik, inifòm, sèvis adisyonèl ak manje gratis nan lekòl;
- òganize transpò pou ale lekòl kote yo soti a epi retounen lakay;
- jwenn sipò ak resous kominotè;
- deside ki lekòl ki ta pi bon pou timoun nan;
- kominike avèk lekòl la;
- ak plis toujou.



# Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

## Enfòmasyon pou Kontakte MVP

Kontakte pwogram *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)* oswa w ta renmen ranpli yon Kesyonè sou Lojman pou Elèv

- (561) 350-0778
- [MVPhomeless@palmbeachschools.org](mailto:MVPhomeless@palmbeachschools.org)



# Kontak lekòl la pou McKinney Vento

**Sendy Auguste**

[Sendy.Auguste@palmbeachschools.org](mailto:Sendy.Auguste@palmbeachschools.org)

(561) 540 - 5511



# Konklizyon

Mèsi pou prezans, patisipasyon ak opinyon w.

Nou espere w pase yon bòn ane akademik!

